

Rezo Transfwontalye Etazini – Kanada (US-Canada Cross Border Network) **Kominike pou laprès**

Pa chache azil nan peyi Kanada san ou pa jwenn konsèy legal anvan ***Fwontyè kanadyen an fèmen endefiniman pou pifò moun k ap chache azil***

Menm lè vaksinasyon an ap fèt an gran kantite nan peyi Kanada ak Etazini, fwontyè ant de peyi yo rete fèmen pou pifò moun k ap chache azil, akòz pandemi an. Ajans lokal yo de tanzantan resevwa demann pou travèse fwontyè kanadyen an pou reklame estati refijye. Sepandan, kounye a, pifò moun k ap chèche refij yo pa gen dwa antre Kanada epi yo voye yo tounen imedyatman Ozetazini. **Li pwobab pou fwontyè a rete fèmen daprè previzyon yo.**

Restriksyon sou ki moun ki ka antre nan Kanada yo an efè nan tou de pò ofisyèl antre yo ak pasaj ki pa ofisyèl yo, tankou chemen *Roxham* nan Eta *New York*. Gen yon gwo risk pou otorite ameriken yo arete epi fè soumèt ak pwosedi depòtasyon moun otorite fwontalye kanadyen yo ta voye retounen yo. Lòt moun k ap chache azil, ki gen ti kras oswa ki pa gen resous yo, bloke nan fwontyè a apre yo te fin retounen.

Nou ankouraje moun yo anpil pou yo chache konsèy nan men yon avoka ki espesyalize nan koze refijye oswa yon òganizasyon sipò ou fè konfyans anvan ou planifye pou travèse fwontyè ant Etazini ak Kanada. Sof si moun k ap chèche azil yo pa satisfè ak eksepsyon ki trè limite yo ki prevwa anba Akò ki defini tout prensip ki genyen nan afè chache azil ak estati refijye nan de peyi sa yo, y ap voye moun nan tounen. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou eksepsyon ki genyen nan Akò a **isit la**. Menm si ou kwè ou kalifye pou yon eksepsyon nan Akò ant de peyi sa yo, ou ta dwe chache konsèy legal anvan ou eseye travèse fwontyè a nan yon espas antre ofisyèl.

Kontak pou medya yo:

Créons des ponts- Bridges Not Borders, Québec, Canada

Imèl: bridgesnotborders.ca@gmail.com

Alec Vernon - École de Droit, Université de Détroit à Mercy - Détroit, USA

Telefòn: 313-444-9222

Imèl: vernonag@udmercy.edu

Mary Schaefer - Vive Shelter, Buffalo New York State

Telefòn: 716-575-5589

Imèl: mary.schaefer@jrhc.org

Enfòmasyon pou moun k ap chache azil yo

Freedom House - Detroit, Michigan USA

Telefòn: 313- 964-4320

<https://freedomhousedetroit.org/need-help/>

Créons des ponts – Bridges Not Borders, Québec
Imèl : bridgesnotborders.ca@gmail.com
www.creonsdesponts.ca

Alex Vernon - Detroit Mercy School of Law - Detroit, USA
Telefòn: 313-444-9222
Imèl: vernonag@udmercy.edu

Vive Shelter - Buffalo, New York State
Telefòn: 716-892-4354
Imèl: viveinfo@jrhc.org
jrhc.org/vive/information-for-asylum-seekers

Pou plis enfòmasyon konsènan fèmti fwontyè yo pou moun k ap chache azil ak sou kowonaviris la :
<https://www.unhcr.ca/fr/au-canada/faire-une-demande-dasile/>

Pou plis enfòmasyon konsènan Akò ant de peyi yo:
<https://www.canada.ca/fr/immigration-refugies-citoyennete/organisation/publications-guides/bulletins-guides-operationnels/demandes-asile/canada/traitement-demandes-statut-refugie-entente-tiers-pays-surs.html>

<https://ccrweb.ca/fr/tiers-pays-sur>

Pou plis enfòmasyon konsènan kontètasyon jiridik Akò a nan Kanada :
<https://ccrweb.ca/fr/media/cour-dappel-federale-decision-entente-sur-tiers-pays-surs>

Sous:

Réseau transfrontalier USA- Canada. C/O Canadian Sanctuary Network - <http://sanctuarycanada.ca>
Yon rezo ONG ak avoka nan Kanada ak Etazini, ki ede moun k ap chèche azil, espesyalman moun ki retounen Ozetazini akòz ETPS (Akò 2 peyi yo) ak fèmti fwontyè a akòz pandemi an.

Bridges Not Borders- Créons des ponts se yon gwoup de baz bileng ki sitiye tou pre chmen Roxham, ki sipòte ak defann moun k ap chache azil. (<http://www.creonsdesponts.ca/>)

Alex Vernon, Direktè, Klinik Dwa Imigrasyon, Inivèsite *Detroit, Mercy*.

Canadian Sanctuary Network defann trètman ki jis pou refijye yo epi chache solisyon pou refijye ki riske retounen nan yon peyi kote lavi yo an danje. <https://sanctuarycanada.ca/>